

KONJE MALADI PEYE: SA ANPLWAYE YO BEZWEN KONNEN

Dapre Lwa Vil New York sou Kantite Tan Konje Maladi Peye (Lwa sou Konje Maladi Peye), anplwaye ki konsène yo gen dwa pou itilize konje peye a pou swen ak tretman tèt yo oswa yon manm fanmi yo.

Depatman Afè Konsomatè [Department of Consumer Affairs (DCA)] te prepare fèy sa a pou anplwaye yo sou dwa yo anba lwa a. DCA ap fè chanjman nan fèy sa a lè li nesèsè. Tanpri sonje dat ki anba fèy la. Pou li lwa a oswa Kesyon Moun Poze Souvan yo sou lwa a, ale nan sitwèb nyc.gov/PaidSickLeave.

ANPLWAYE KI KONSÈNE/KI PA KONSÈNE NAN LWA A

| Ki Konsène | Ki Pa Konsène |
|---|--|
| <ul style="list-style-type: none"> Anplwaye Atanplen Anplwaye atan-pasyèl Anplwaye ki nan pwogram djòb tranzisyon Anplwaye ki pa gen papyè imigrasyon Anplwaye ki se manm fanmi men ki pa pwopriyetè Anplwaye k ap viv deyò Vil New York <p>Anplwaye yo dwe travay 80+ èdtan pou chak ane almannak nan Vil New York.</p> <p>Gade seksyon "Travayè nan Kay" ki dèyè a.</p> | <ul style="list-style-type: none"> Anplwaye ki travay 80 èdtan oswa mwens nan yon ane almannak nan Vil New York Etidyan ki nan pwogram federal etid pou travay Anplwaye ki gen travay ki konpanse avèk pwogram bousdetid kalifye Anplwaye ajans gouvènman Espesyalis terapi fizik, espesyalis ègoterapi, espesyalis kineziterapi, odyolojis ki resevwa lisans Depatman Edikasyon Eta New York <p><i>Pwofesyonèl sa yo pa konsène anba lwa a si yo mande pou jwenn travay san kontra; si yo detèmine pwòp orè travay yo; si yo gen posiblite pou refize oswa aksepte nenpòt afektasyon yo refere yo; epi si yo touche yon salè mwayen pa èdtan, ki se omwen kat (4) fwa salè minimòm federal la.</i></p> <ul style="list-style-type: none"> Antreprenè endepandan ki pa satisfè definisyon yon anplwaye anba Lwa Travay Eta New York (Ale nan sitwèb labor.ny.gov epi chèche "Independent Contractors.") Moun k ap patisipe nan Pwogram Eksperyans Travay [Work Experience Programs (WEP)] Sèten anplwaye ki depannde yon akò negosyasyon ant patwon ak travayè |

Nòt: Si patwon ou gen yon règleman ki la pou pèmèt anplwaye yo itilize konje maladi, règleman an dwe satisfè oswa depase kondisyon lwa a.

AVI POU DWA ANPLWAYE YO

| Anplwaye | Dat Yo Dwe Bay Anplwaye a Avi Alekri a |
|---|--|
| Nouvo <i>Premye moun ki anplwaye nan dat 1ye avril 2014 oswa apre dat sa a</i> | Premye jou travay |
| Anplwaye ki la deja <i>Anplwaye ki deja ap travay pou patwon an anvan 1ye avril 2014</i> | 1ye Me 2014 |

Si ou se yon anplwaye ki konsène nan lwa a, patwon ou dwe ba ou avi alekri a sou dwa ou pou konje maladi. Ou gen yon dwa pou resevwa avi a nan lang Anglè epi, si li disponib nan sitwèb DCA, pou resevwa li nan lang natifnatal ou. **Konsève yon kopi avi a.**

KANTITE TAN KONJE MALADI (Gade seksyon "Domestic Workers" nan dèyè, si li konsène ou.)

| Kantite Anplwaye ki Travay pou Patwon an | Kantite Tan Konje Maladi pou Chak Ane Almannak* | Ki Peye oswa ki Pa Peye | Salè pa Èdtan |
|--|---|-------------------------|--|
| 5 èdtan oswa plis | Jiska 40 èdtan | Ki Peye | Salè pa èdtan regilye men pa pi piti pase salè minimòm |
| 1-4 | Jiska 40 èdtan | Ki pa Peye | Pa Konsène Ou |

*Nòt: "Ane Almannak" vle di nenpòt peryòd 12 mwa regilye epi youn-apre-lòt yon patwon detèmine.

AKIMILASYON AK ITILIZASYON KONJE MALADI – DAT ENPÒTAN YO

(Gade seksyon “Travayè nan Kay” ki anba la a, si li konsène ou.)

| Ritm Akimilasyon | Dat Akimilasyon Kòmanse | Dat Konje Maladi a Disponib pou Itilize |
|-------------------------------------|---|--|
| 1 èdtan pou chak 30 èdtan ou travay | 1ye Avril 2014 (Anplwaye ki la deja) | 30 Jiyè 2014 (Anplwaye ki la deja) |
| | Premye jou travay (Nouvo anplwaye) | 120 jou apre premye jou travay (Nouvo anplwaye) |

Eksepsyon: Si ou pwoteje nan yon akò nan negosyasyon ant patwon ak travayè ki anvigè apati 1ye avril 2014, ou kòmanse akimile konje maladi anba lwa Vil la apati dat akò a fini.

Konsève yon kopi tout dokiman ki montre kantite tan konje maladi ak akimilasyon konje maladi a ak itilizasyon li.

REZON KI AKSEPTAB POU ITILIZE KONJE MALADI

Ou kapab itilize konje maladi a lè:

- Ou gen yon maladi mantal oswa yon maladi fizik, yon chòk, oswa yon pwoblèm medikal; ou bezwen jwenn yon dyagnostik medikal, swen sante, oswa tretman pou maladi mantal ou oswa maladi fizik ou, chòk ou, oswa pwoblèm medikal ou; ou bezwen jwenn swen sante pou prekasyon.
- Ou dwe ap okipe yon manm fanmi ou ki bezwen dyagnostik medikal, swen sante oswa tretman pou yon maladi mantal oswa fizik, chòk, oswa pwoblèm medikal, oswa ki bezwen swen medikal pou prekasyon.
- Biznis patwon ou fèmen akòz yon ijans nan sante piblik oswa ou bezwen pran swen yon timoun ki gen lekòl oswa founisè sèvis gadri ki fèmen akòz yon ijans nan sante piblik.

Lalwa rekonèt moun sa yo kòm manm fanmi: Pitit; Pitit-pitit; Madanm/Mari, Patnè nan kay; Paran; Granparan; Timoun oswa paran madanm/mari oswa patnè nan kay yon anplwaye; Frè/Sè (tankou yon demi frè/sè, frè/sè adoptif, oswa bòfrè/bèlsè).

PREYAVI

Si ou kapab prevwa bezwen an, patwon ou kapab egzije pou bay li yon preyavi sèt (7) jou pou fè li konnen entansyon ou pou itilize konje maladi a. Si ou pa kapab prevwa bezwen an, patwon ou ka egzije ou pou bay li avi a imedyatman ou kapab fè sa (rezonab). Patwon ou ka egzije ou pou bay verifikasyon alekri ki montre ou te itilize konje maladi a pou rezon konje maladi.

DOKIMAN

Patwon ou kapab egzije dokiman yon pwofesyonèl swen sante ki gen lisans bay si ou itilize plis pase twa (3) jou travay youn-apre-lòt kòm konje maladi. Lwa sou Konje Maladi Peye entèdi patwon yo pou yo egzije pwofesyonèl swen sante presize rezon medikal pou konje maladi a. Divilgasyon enfòmasyon sa a ka obligatwa dapre kèk lòt lwa.

KONJE MALADI KI PA ITILIZE

Ou kapab transfere apeprè 40 èdtan konje maladi ou pa itilize sou pwochen ane almannak la. Men, patwon ou gen obligasyon sèlman pou kite ou itilize jiska 40 èdtan konje maladi pou chak ane almannak.

VANJANS

Patwon ou pa kapab fè vanjans kont ou poutèt ou mande oswa itilize konje maladi ou. Vanjans gen ladan nenpòt menas, disiplin, revokasyon, desann grad, sispansyon, oswa rediksyon nan kantite èdtan, oswa nenpòt lòt aksyon negatif nan travay kont ou poutèt ou egzèse oswa eseye egzèse nenpòt dwa ki garanti anba lalwa.

PLENT

Ou ka fè yon plent nan DCA. Pou jwenn fòm plent lan, ale sou entènèt nan sitwèb nyc.gov/PaidSickLeave oswa kontakte **311** (212-NEW-YORK si ou deyò Vil New York).

Travayè nan Kay

Anba la a se enfòmasyon sou kantite tan konje maladi ak akimilasyon ak itilizasyon konje maladi ki espesyal pou travayè nan kay anba lwa Vil la. Konje sa a se yon diplis sou twa (3) jou repo peye ou gen dwa pou resevwa anba Lwa Travay Eta New York. Ale nan sitwèb labor.ny.gov epi chèche “Domestic Workers’ Bill of Rights” (Deklarasyon Dwa Travayè nan Kay). Tout lòt enfòmasyon ki nan fèy sa a aplike pou ou.

| Kantite Tan Konje Maladi pou Chak Ane Almannak | Ki Peye oswa ki Pa Peye | Salè pa Èdtan |
|--|-------------------------|---|
| 2 jou | Ki Peye | Salè pa èdtan regilye men pa pi piti pase salè minimòm Ale nan sitwèb labor.ny.gov epi chèche “Minimum Wage” (Salè Minimòm). |

| Ritm Akimilasyon | Dat Akimilasyon Kòmanse | Dat Konje Maladi a Disponib pou Itilize |
|--------------------------------|--|--|
| 2 jou apre 1 ane nan travay la | DCA ap bay oryantasyon nan sitwèb nyc.gov/PaidSickLeave | DCA ap bay oryantasyon nan sitwèb nyc.gov/PaidSickLeave |

OU GEN KESYON? Pou kontakte DCA, ale nan sitwèb nyc.gov/PaidSickLeave, voye yon imèl nan PaidSickLeave@dca.nyc.gov, oswa rele **311** epi mande enfòmasyon konsènan Konje Maladi Peye.